## लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# दानिय्येल अउर रहस्य भरल सपना




लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Jonathan Hay
अनुवादकः सुरेश मसीह
अनुकूलित: Mary-Anne S.


कहानी 32 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children**, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

राजा नबूकदनेस्सर एगो सपना देखले रहलन, अउर ई सपना उनके बहुत परेशान क दिहलस। परमेश्वर की शक्ति से, दानिय्येल राजा के उनकरी सपना क मतलब बतवलन।



1

दानिय्येल पहला काम ई कइलन कि हुबाहुब सपना क वर्णन कइलन। हे राजा, "आप एगो विशाल मूर्ती की एगो महान छवि के देखनी हँअ। ओकर छवि बहुत ही भब्य रहल!"



2


"मूर्ति क सिर सोना क बनल रहल," दानिय्येल बतावल जारी रखलन।
3


"ओकर सीना अउर हाँथ चांदी क बानल रहल।"
4


"उनकर पेट अउर जांघ पीतल क बनल रहल।"
5


"ओकर पैर लोहा क बनल रहल, ओकर पंजा, आंशिक रूप से माटी अउर आंशिक रूप से लोहा क रहल।"
6


राजा खातिर प्रतिमा क वर्णन कइला की बाद, दानिय्येल उनके बाकी सपना के बतवलन।
7


दानिय्येल राजा के बतवलन, "देखत देखत एगो पत्थर, हाथ क इस्तेमाल कइले बिना काट दिहल गइल।"
8


"उ पत्थर ए मूर्ति की गोड़ पर टकराइल जेवन लोहे अउर माटी से बनल रहे, अउर उ ओ के टुकड़ा टुकड़ा कर दिहलस।"
9
"फिर उ मूर्ती चकनाचूर होके धूर में बदल गइल अउर उड़ा दिहल गइल।" दानिय्येल थोड़ी देर की खातिर चुप होके फिर बोललन, "अउर उ पत्थर एगो विशाल पहाड़ में बदल गइल अउर पृथ्वी भर में फ़ैल गइल।"
10
राजा चकित रहलन। ई उहे सपना रहलन जेवना के राजा देखले रहलन! दानिय्येल के ई कइसे मालूम भईल? यहोवा परमेश्वर ए सपना के दानिय्येल के बतवले रहलन। फिर दानिय्येल राजा नबूकदनेस्सर के सपना क मतलब बतावल शुरू कइलन।
11
दानिय्येल राजा के बतवलन कि, "स्वर्ग क परमेश्वर आप के राज्य, शक्ति, सामर्थ अउर महिमा दिहलें"।
"उ सोना क सिर आप हँइं।"
12
दानिय्येल राजा के बतवलन कि उनकर सोना जइसन साम्राज्य खतम हो जायी। मूर्ति में चांदी वाला भाग क मतलब एगो कमजोर राज्य उनकर जगह ले लेई।
राज्य 1
राज्य 2
राज्य 3
राज्य 4
13
पीतल क मतलब एगो अउर राज्य भी होई। लोहा अउर माटी एगो अउर चउथा राज्य की बारे में दर्शात ह।
राज्य 1
राज्य 2
राज्य 3
राज्य 4
14

दानिय्येल राजा के अंतिम बात बतवलन, "स्वर्ग क परमेश्वर एगो अइसन राज्य क स्थापना करीहन जेवन कबो नाश ना हो पायी।"



15

राजा ई मान्यता दीहलन कि खाली परमेश्वर ही दानिय्येल के उनकरी सपना के जनला अउर समझला खातिर ज्ञान दे सकत बानें। नबूकदनेस्सर बहुत धन से दानिय्येल के पुरस्कृत कइलन अउर उनके राज्य में एगो बहुत ही महत्वपूर्ण आदमी बना दिहलन।



16



राज्य 1, 2, अउर 3 आइल अउर चल गइल। अब परमेश्वर क राज्य आ रहल बा, राज्य 4।

17



जब यीशु मसीह धरती पर राज करिहन। अउर उ शीघ्र ही हो सकत बा!

18

दानिय्येल अउर रहस्य भरल सपना

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

दानिय्येल 2

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !